

BUBUKA

Modul 2 (dua) baris ngaguar perkara **Ngaronjatkeun Kaparigelan Ngaregepkeun Nraitita di Kelas Handap** anu ngajarkeun basa Sunda di SD kelas handap.

Nu jadi udagan dina ieu modul nya éta, sangkan patatar miboga pangaweruh katut kaparigelan ngeunaan:

1. Maca katut sagala aspék anu aya patalina
2. Kakawihan
3. Maca Dongéng
4. Maca Artikel
5. Maca Pupuh Sunda

Ieu modul ngawengku opat kagiatan diajar. Leuwih écésna mah materi anu baris dipedar dina masing-masing kagiatan diajar téh saperti ieu dihandap.

Kagiatan diajar 1 medar materi **Kalimah Paréntah Basajan**. Leuwih écés dijéntrékeun perkara wangénan maca, maca téhnik, maca dina jero hate, maca bahasa, maca pustaka, jeung maca éstétik.

Kagiatan diajar 2 medar materi **Wawanohan**. Materi anu dipedar khususna ngeunaan kakawihan Sunda, kabeungharan kecap, papasingan warna kecap basa Sunda, kecap barang, kecap pagawéan, jeung ngawih.

Kegiatan diajar 3 medar materi **Banda Buaya**. Leuwih khususna medar ngeunaan wangénan jeung rupa-rupa dongéng, maca dongéng, ngaanalisis galur, palaku, sifat, kaayaan, téma sarta nyaritakeun deui eusi dongéng. Kecap sifat sarta kecap bilangan nu aya dina carita dongéng.

Kegiatan diajar 4 medar materi **Peristiwa/Kajadian**. Leuwih jéntréna medar materi, maca artikel, maca artikel surat kabar, struktur kalimah sederhana (salancar) nu aya dina artikel.

Mugia, ieu modul tiasa mere pangdeudeul kana kamekaran basa jeung sastra Sunda khususna pangajaranana. Khususna deui mampu ngaronjatkeun pangaweruh jeung kaparigelan guru basa Sunda di SD.

KAGIATAN DIAJAR 1 KALIMAH PARÉNTAH BASAJAN

Ngaronjatkeun kaparigelan ngajarkeun, nyarita ku ngajawab panalék kana cumarita jalma.

A. Standar Kompetensi

Mampuh ngébréhkeun pikiran, perasaan jeung kahayang secara lisan ku ngagunakeun kalimat paréntah.

B. Kamampuh Dasar

1. Parigel tur motékar milih jeung nangtukeun métode sarta téknik pangajaran.
2. Parigel ngajarkeun matéri kalimah paréntah dina kagiatan kaparigelan nyarita.

C. Daftar Rujukan

Ano Karsana, Sp.k. (1992), *Pendidikan Bahasa Daerah*,
Bandung: Andira.

Henry Guntur Tarigan, (1988), *Berbicara sebagai suatu Keterampilan Berbahasa*, Bandung: Angkasa.

D. Tingkesan Materi

1. Tarékah guru geusan ngahudangkeun, karep murid supaya daék cumarita kalawan bener.
2. Ngahudangkeun minat ku media gerak waruga.
3. Nyusun kalimah paréntah ku jalan ngajawab panalék kana paripolah hiji jalma.

Nyarita kagolong kana salah sahiji aspék kaparigelan makéna basa, ku kituna dina widang pangajaran ogé, mindeng dipisahkeun mangrupa pangajaran nyarita, biasana mah guru mere pancén ka salah saurang murid pikeun cacarita, atawa nyaritakeun hiji perkara pikeun mere pangajén kana kamampuh atawa kaparigelan nyarita, saeutikna ngawengku opat unsure nya éta (Amran Halim, 1982):

- 1) Lapal atawa ucapan (kaasup vocal konsonan, jeung intonasi)
- 2) Tata bahasa
- 3) Kabeungharan kecap, jeung
- 4) Paséhat (lancarna cumarita)

Ari dina prakna mah aspék nyarita téh teu weléh gumulung (“terintegrasi”) jeung aspék anu séjéna, umpamana baé, aya anu nyarita tangtu aya anu ngaregepkeu, aya nu ngadongéng kitu deui aya anu pidato aya audiéns.

Dina basa Sunda aya babasan atawa ungkara basa anu patali jeung nyarita saperti:

- 1) hade tata hadé basa;
- 2) basa mah teu meuli;
- 3) nyaritana teureungeus;
- 4) nyaritana ancad laér;

- 5) ngomongna sabedug sakali;
- 6) kawas kacang ninggang kajang;
- 7) jalma daréhdéh;
- 8) ngomongna pondok nyogok;
- 9) jalma perténtang;
- 10) jalma soméah jeung sapapadana;

Dumasar kana tujuanana mah nyarita téh mangrupa kagiatan pikeun nembrakkeun eusi pikiran, gagasan pamaksudan, rasa ku cara lisan atawa ku cara nyarita ka nu lian. Ku cara kitu nu dipikarep nu lian (nu diajak nyarita) atawa nu ngabandingan, bisa ngarti kana maksud jeung tujuan anu dilisankeun.

Dina prakna nyarita eusi kalimah atawa basa anu dilisankeun eusina/maksudna bisa rupa-rupa naha ngajak, nitah, nyarék atawa paréntah.

Maksud anu ditepikeun kudu dirojong ku cara nyarita anu bener intonasina, dinamikana, tur témpona.

1. Tarékah guru geusan ngahudangkeun karep murid supaya daék cumarita kalawan bener.

Dina seuhseuhanana mah tétéla guru téh teu kendat-kendat kudu kréatif dina matéakeun jeung ngokolakeun naon-naon bahan nu rék ditepikeun ka murid. Maksudna mah anu ditepikeun ku guru téh gancang-gancang katarima ku peserta didik kalawan luyu jeung tujuan pangajaran.

Aya éta ogé guru anu can kréatif sakapeung rada kuuleun dina ngokolakeun bahan pangajaran, guru éstu sabiasana, sanusasari sakumaha anu geus matuh dilaksanakeun baé.

Sikep sarupa kieu tinangtu moal haying aya tarékah anu saeutik ogé geusan ngayakeun aktualisasi cara atawa tarékah.

Ku sikep cara kitu, tangtu baé karep atawa minat murid geusan tangginas dina meunangkeun matéri pangajaran ogé jauh tangéh rék kahontal.

2. Dina raraga ngahudangkeun atawa ngahalalkeun minat, anu kapendem aya sabaraha tarékah saperti ieu di handap.

Gerak Waruga

Palaku: Guru nyorangan

Dihareupeun kelas palaku nangtung – terus mikir – leumpang lalaunan – ulak ilik, tumpa tempo tatanggahan – dodongkoan ka kolong bangku – ka tukangeun panto – ngalieuk ka handapeun lomari – kagét jeung atoh – ngalieuk ka murid – nunjuk ka handapeun lomari – palaku mengék irungna – bangké berit – malik deui ka murid-murid – ceuk murid,

Kalimah
Paréntah,
Nítah,
Nyarék

- (1) “Koér, Pa!”
- (2) “Ceumpal !”
- (3) “Wadahan kana pengki !”
- (4) “Awuran taneuh heula !”
- (5) “Tong ku peungki!
Napel bauna!”
- (6) “Sauran Mang Dayan!
Mang Dayan mah wanian!”

Gerak waruga réngsé.

Pok guru nyarita....

“Barudak, pék baé caritakeun lalakon Bapa tadi téh!”

Barudak récok. Pada-pada nyebutkeun pamanggihna. Keun baé sababaraha menit mah. Maranéhna keur padungdeungan ngadu argument. Keur ngalaksanakeun diskusi.

Maranéhna keur ngaluyukeun pamanggihna.

(Sacara teu langsung murid téh keur ngalaksanakeun kagiatan pangajaran nyarita).

Nyebutkeun:

- Kalimah paréntah
- Kalimah ngahulag,nyarék
- Ngalaksanakeun diskusi
 - aya saran
 - aya adu pamanggih
 - aya gumeman,

Mun katémbong éta kagiatan réngsé, kakara guru nunjuk murid sina giliran nyaritakeun pangalaman nempo/lalajo gerak waruga.

Tangtu baé unggal murid béda-béda nyaritana. Kitu deui makéna kecap (diksi), runtuyan kalimahna aya murid anu geus bérés roés ngagunakeun kecap, nyaritana ngaguluyur. Aya ogé anu ngagunakeun kalimahna parondok jeung saeutik.

Jadi, nyurahan ngaregepkeun gerak waruga. Terus nyaritakeun ngalisankeun lalakon gerak waruga téh gumantung kana kamampuh murid séwang-séwangan.

2.1.1.1. Nyaritakeun lalakon gerak waruga

Gambar:
Guru neangan anu nimbulkeun bau

- Bapa guru nuju nangtung payuneun kelas ujug-ujug kaambung asa-asa aya nub au. Bau bangké. Teras dipilarian k unggak tempat. Teu kapendak. Barang ningali ka kolong lomari, aya bangké beurit. Kaambung bau pisan.

- Bapa guru ngambung bau bangké. Teras baé dipilarian. Aya bangké di kolong lomari. Bau.

- Bau bangké, yeuh!
Dimana, nya?
Dimana, barudak?
Itu geuning!
Séwot piceun!

- Pa guru baueun. Nutupan pangambung.
Dipilarian.
Kapendak di kolong lomari.
Beurit paéh.

Palaku: Murid tiluan

- Saurang murid diuk dina korsi keur maca buku
Datang murid saurang deui milu diuk
Nu kakara datang nunjuk kana buku. Buku ku
nu calik dipasihkeun. Terus ka luar.
Datang deui murid saurang (nu katilu) diuk.
Nunjuk kana buku.
Nu diuk pangheulana.
Méré tanda ku dampal panangan bari
digoyangkeun ka kénca katuhu.
Salaman
Uih.

Murid-murid nu séjénna ngaregepkeun 3 murid keur ngaragakeun, maripolahkeun. Guru merhatikeun kagiatan murid. Ku sabab guru kudu apal kana runtuyan kagiatan 3 murid nu ngaragakeun. Hal ieu, supaya mikaterang engké saha-sahana murid anu panghadéna nyaritakeun éta kajadian.


Guru, sanggeus tadi, merhatikeun atawa ngaregepkeun rupa paripolah tilu palaku.

Ayeuna caritakeun éta lalakon tilu palaku téa maké kekecapan anu merenah kalawan lancar.


2.1.2.1. Nyaritakeun gerak lalakon gerak waruga tilu murid

Saurang murid nuju maca buku. Datang saurang deui. Nambut buku dipasihkeun, nu nambut uih norojol saurang deui badé nambut buku . teu aya, tos ditambut kun u sanés tadi.

3. Nyusun kalimah paréntah ku jalan ngajawab panalék kana paripolah hiji jalma.



Gambar 1
Guru badé calik
kursina kotor bingung



Gambar 2
Murid ngelap korsi

Guru, “kedah kumaha?
(naros) Sieun kotor kana buku!”

Jawab, 1, “Disapukeun!”
Jawab, 2, “Dielap!”
Jawab, 3, “Dielap, ku elap baseuh!”

KALIMAH PARÉNTAH

Guru nyieun/nyiptakeun hiji saitulasi. Éta situasi téh bisa nimbulkeun ayana panalék.

Patalékan kasebut eusina mangrupa paréntah, nitah, nyawal, atawa ngahulag kana hiji perbuatan

Prak pigawé tugas kasebut!

E. Tugas Peserta

1. Opat kaparigelan basa téh dina prakanana mah....
 - a. aing-aining, sabab unggal aspék kudu madeg mandiri
 - b. madeg mandiri, ku kitu téh aspék kasebut leuwih mekar
 - c. awor, kacida rakétna, umpamana aspék nyarita ngan bisa patuh jeung aspék nulis
 - d. gumulung, rakét pisan, umpamana aspék nyarita jeung aspék ngabandungan

2. Ieu hal téh kaasup kana aspék nyarita, kajaba....
 - a. padungdungan
 - b. diskusi
 - c. ngabandungan
 - d. papatah

3. Hal-hal di handap aya patalina jeung aspék nyarita, kajaba....
 - a. handap lanyap
 - b. hadé gogog hadé tagog
 - c. jalma songong
 - d. jalma medal sila

4. Pangajaran nyarita
 - a. bisa leuwih ngaronjat hasilna saumpama guru teu rancingeus néangan tarékah dina hasil kasebut
 - b. bisa ngaronjat hasil pangajaran upama guru motekar geusan manggihkeun cara nepikeun matéri
 - c. bakal leuwih ngaronjat saumpama guru gugon kana rupa métode nu geus maneuh

- d. bakal leuwih daria diajar saumpama murid motekar make rupa-rupa cara diajar
5. Dina usaha manggihkeun téhnik atawa model diajar nyarita
- a. rindat gerak waruga bisa diropéa, sangkan murid kahudang karep nyaritana
 - b. paripolah mah lain ngan waruga anu bisa marengan aspék kaparigelan basa kawas nyarita
 - c. pidato, diskusi, gogorowokan, kagolong kana aspék nyarita
 - d. sok sanajan guru geus apal kana rupa model diajar nyarita tangtu bakal ngabantu kana proses diajar

KAGIATAN DIAJAR 2 WAWANOHAN

Ngaronjatkeun kaparigelan ngajarkeun nyarita: gumeman geusan wawanohan.

A. Standar Kamampuh

Mampu ngébréhkeun pikira perasaa, kahayang secara lisan secara guneman dina kagiatan wawanohan.

B. Kamampuh Dasar

Parigel ngahudangkeun minat diajar siswa anu aya patalina jeung kaparigelan nyarita.

C. Daftar Rujukan

- Fudl. Abdul Hamid, (1987), *Proses Belajar Mengajar Bahasa*, Jakarta: Proyek Pengembangan Lembaga Pendidikan Dikti Depdikbud.
- Henry Guntur Tarigan, (1988) *Berbicara sebagai suatu Keterampilan Berbahasa*. Bandung: Angkasa

D. Tingkesan Matéri

1. Tarékah guru ngahudangkeun kaparigelan guneman jeung papada baturna
2. Tarékah guru numuwuhkeun kaparigelan murid nakeun kalimat dina suasana wawanohan
3. Gunem catur dina suasana wawanohan, murid kelas handap make kalimah basajan.



Tarékah guru pikeun ngahudangkeun pakarepan murid sangkan miboga kaparigelan dina guneman jeung papadana, tangtu baé merelukeun usaha katut sikep anu daria. Hartina, guru ulah malikung ku padika-padika anu matok. Ku lantaran kitu, murid kudu dibéré kabébasan sangkan karep dirina jadi tumuwuh kalawan hadé. Sakadar conto, dua murid dititah ka hareup, sina guneman atawa ngawangkong. Héng imeutan ku guru, boh lebah kamampuh ngagunakeun ungkarana (kalimah) boh lebah kabeungharan jeung larapna kecap. Tangtu baé moal ujug-ujug ngagorolang silih tempas, apan, patali jeung karakter masing-masing murid. Naha murid téh wantér, éraan atawa ngahunted jeung pada batur sabangku. Hal ieu ogé ngalantarkeun kahayang, kahayang anu ngajanggélék dina wangun kalimah. Kalimah naon anu kudu dikedalkeun, lamun rék ngamimitian wawanohan atawa kenalan.

Dina wawanohan, biasana mah nu pangheulana ngedalkeun kalimah téh budak wantér, teu éraan, atawa sonagar. Lawan guneman tinggal ngajawab panalék baé. Anu aktif nya anu wantér téa. Lamun téa mah anu aktif nanya jempé atawa cicing, nya cicing baé budak nu wantér mah. Ngadagoan deui anu nanya. Sok

sanajan kitu, apan guneman pondok geus lumangsung. Di antarana baé, hal-hal sarupa kitu anu kudu leuwih-leuwih digeuingkeun motivasina.

1. Ngahudangkeun karep sangkan murid parigel nyusun kalimah geusan wawanohan.

Ieu dihandap guru mingpin acara wawanohan di kelas handap.



Wacana 1a

Guru ngawanohkeun diri

Guru, “Nami Ibu, Pupundayan!” Sok disauran Ibu Pupun.
Janten Ibu, janten mamah di sakola...!

(Murid disaur ka payun)

Wacana 1b

Abdi	Ica
Nami Bapa	Yono
Mamah	Nunung
Punlancek	Tresna
Pun adi	Bela
Rorompok	Komplek Pemda I

Ica ngawanohkeun diri

“Saha nami? Namina?”

Murid, “Ica!”

Guru, “Dimana bumina?”

Murid, “Di komplek!”

Nu di luhur (1a), teu acan jadi guneman anu ngaguluyur. Sifatna ditanya heula kakara ngajawab. Teu acan aya silih Tanya silih jawab komo. Komo deui ari pacéntal-céntal mah.

Dina conto di luhur guru, ngagunakeun kalimah basajan.

Nami Ibu	Pupundayan
Disauran	Ibu Pupun
Saha	Nami
Dimana	Bumina
	Ica
	Di Komplek

Wacana 2

Guru nyandak wadah pénsil anu murid, ti luhur méja

Guru, “Ibu gaduh ieu!” (bari diacungkeun)

Murid (1), “Sanés nu Ibu!”

Murid (2), “Tempat pénsil abdi!”

Murid (3), “Ibu, anu Béla!”

Murid (4), “Muhun kagungan Béla!”

Guru, “Wadah pénsil kagungan Béla!”

Guru ninggalian wadah pénsil. Ditinggalian dibulak-balik

Guru, “Aduh, mani saé nya!”

Murid (1), “Warnana biru!”

Murid (2), “Warnana héjo!”

Murid (3), “Warnana sanés héjo!”

Murid (4), “Sanés hejo tapi biru!”

Guru, “Muhun aya warna héjo sakedik”

Kalimah anu dilisankeun geus mimiti variatif.

Sanés nu ibu
Tempat pénsil abdi
Ibu, anu Bela
Warnana biru
Warnana héjo
Warnana, sanés héjo
Sanés héjo tapi biru

Dipihareup kalimah anu dilisankeun téh rupa-rupa. Malah bisa jadi kawas kitu. Mimiti aya pacéntal-céntal mertahankeun pamanggihna atawa arguménna. Hal ieu bisa muncul ku sabab aya pamanggih anu teu sarua soal warna. Apan dina hirup kumbuh sapopoé mindeng kapanggih nyebut warna sarupa kitu téh sok patukeur.

Hal sarupa anu kontras ogé bisa ngahudang karep geusan ngalisankeun kalimah, geusan pacéntal-céntal ngadu argumén ngajadi wangun guneman.

Wacana 3

Guru ngabagi permén anu ruap-rupa warna, wangun (“bentuk”), jeung rasa, katut cangkang anu warna-warni

Permén atawa gula-gula, gula kurang dipikaresep ku barudak/murid utamana kelas handap. Permén anu béda warna, teu sarua bentukna, (aya anu buleud, pasagi, anu make gagang); rasa anu make gagang; rasa anu béda (amis, lada, haseum, rasa durian). Rasa strawberi isble, warna

cangkang jeung bahan anu teu sarua dipikaresep bisa ngalantarankeun timbulna carita guneman.

Guneman maké kalimah anu rupa-rupa (variatif), bakal timbul kalimah paréntah, kalimah Tanya, kalimah wawaran, jsbte.

Bakal aya nu nyarita ku basa/kalimah nu parondok.

Bakal aya nu némbongkeun suasana gumbira, teu bérag atoh/jécéh.

E. Tugas Peserta

1. Kréativitas guru dina ngajarkeun carita kacida pisan dipikaresepna, supaya
 - a. Suasana kelas dina kaayaan gumbira jeung motékar
 - b. Kahudang karep geusan nyarita, bari nu nyarita teu ngarasa dititah
 - c. Suasana kelas dina kaayaan gumbira, tinangtu murid bakal bisa nyarita kalawan merenah
 - d. Kahudangna rasa anu ngalantarankeun, suasana diajar jadi pikaresepeun

2. Nyarita téh ngedalkeun rasa, pikiran, kahayang sacara lisan, ku kituna
 - a. Pembelajar kudu bener-bener ngawasa rupa-rupa kaparigelan
 - b. Pangajaran kudu dibina kapercayaan dirina geusan sonagar ngedalkeun angen-angenna
 - c. Guru teu kudu ngabina rupa-rupa aspék kaparigelan
 - d. Guru teu kudu mapatahan kumaha cara ngedalkeun rasa

3. Paguneman téh kedaling rupa-rupa éksprési diri ti dua jalma, ku kituna
 - a. Dina ngajarkeun nyarita éta dua pangajaran kudu dihudang karepna sangkan kréativitasna témbong
 - b. Dina ngajarkeun nyarita éta dua pangajaran kudu dititah-titah nyarita
 - c. Dina paguneman ngandung rupa-rupa kalimah lisan
 - d. Dina gunem catur kedal rupa-rupa éksprési diri

4. Ngajarkeun nyarita teu leupas tina ngajarkeun sistematika kalimah, ari sabab
 - a. taya patali nyarita jeung tata kalimah
 - b. taya patali lisan jeung péréléan kalimah
 - c. lancarna nyarita téh sabab konsép kalimah dina pikiran saluyu jeung nu kedal
 - d. lancarna nyarita téh akibat konsépna bener nyarita

5. Prosés wawanohan téh lain ngan ukur némbongkeun aktivitas waruga, tapi ogé
 - a. aktivitas batinhiah anu puguh sistematika basana
 - b. aktivitas basa lisan anu merenah tur diatur ku sopan santun
 - c. ngalibetkeun rupa kahengkér kedalna rasa, piker, karep sacara lisan
 - d. ngalibetkeun rupa kamampuh kedaling rasa, piker, karep.

KAGIATAN DIAJAR 3

BANDA BUDAYA

Kaparigelan ngajarkeun nyarita geusan Mikawanoh Banda Budaya jeung Banda Alam

A. Standar Kompetensi

Mampu ngedalkeun pikiran, perasaan, jeung kahayang sacara lisan dina nyebutkeun rupa-rupa gambar banda budaya jeung alam.

B. Kamampuh Dasar

Nyebutkeun rupa-rupa gambar banda budaya jeung banda alam.

C. Daftar Rujukan

Hadi AKS *Peperenian* Bandung: gegersunter.

Ajip Rosidi *Ensiklopedi Sunda* (2002), Jakarta: Pustaka Jaya.

D. Tingkesan Materi

1. Ngaran gambar banda budaya
2. Ngaran gambar banda alam
3. Fungsi/guna barang-barang dina gambar banda budaya jeung banda alam.

Banda budaya téh nya éta barang, pakakas hasil rekayasa manusa keur kaperluan hirupna sapopoé. Budaya manusa unggal sélér budaya tangtu béda-béda rupa katut fungsina.

Dina kamekaran jeung kamajuan jaman tangtu baé barang budaya anu dipaké téh ngindung kana usum. Terus aya barang budaya anu anyar luyu jeung kamajuan jaman. Nu béh ditu nungtutan geus kurang fungsina, malah aya anu geus pet pisan tara diparaké. Tapi, aya ogé anu terus diparaké barang heubeul téh sanajan geus teu ngindung ka jaman deui. Aya ogé barang-barang produk heubeul dipakéna marengan barang produk kiwari. Umpamana baé cowét batu, lulumpang, halu, nyiru, talenan, cowét tanah, tolombong, jsbt. Barang sarupa di pasar masih kénéh didagangkeun, kitu deui anu merelukeunana ogé loba kénéh.

Ayana panggilingan pare (heleran), anu prosés gawéna gancang, sarta bisa geus nyérédkeun ngléhkeun lisung katut fungsina. Ayeuna, geus langka aya, sumawona fungsina malah sora kelentrong lisungna ogé geus suda, tara kadéngé deui.

Mun baheula fungsi lisung téh dipaké nutu pare jadi béas, fungsina, ukur jadi perangkat kasenian (éstétik) ngagondang ayeuna mah. Sora tutunggulanana mah sarua, baheula mah sora nu nutu, atawa alat paranti tanggara aya anu hajat, ari ayeuna mah sora tutunggulan dina widang seni gondang. Barang budaya heubeul fungsina pekéeun, gunakeuneun. Sedangkeun ayeuna diteundeun, alih fungsi jadi barang seni atawa barang tradisi. Leungitna fungsi hiji barang anu geus teu dipaké téh, leungit ogé kabiasaan jeung alat séjén anu patali dina prosés ngagunakeun éta barang.

Kitu deui, barang sarupa siwur téh (tina batok), kendi, geus kasilih ku gayung jeung tabung.

Dina raraga ngawanohkeun banda budaya ku cara nyebutan ngaran-ngarana ka murid, dipalar jadi nambahan wawasan tur nambahan kaweruh, kabeungharan kecap atawa istilah barang-barang tradisional. Kitu deui, nataan ngaran gambar banda alam salain ti nambahan kanyaho kana kabeungharan kecap, bisa numuwuhkeun sikep nyaah ka alam lingkungan, haying miara, ngajaga, tur ngariksa. Hal ieu, timbul alatan apal kana fungsi gunana keur kahirupan sapopoé, jadi maphum kana untung rugina, saumpama banda alam rusak atawa sirna.

1. Nataan ngaran gambar banda budaya

Dina raraga ngaronjatkeun kaparigelan ngajarkeun nyarita ku nyebutan ngaran gambar barang budaya, guru dipiharep boga cara anu leuwih kréatif dina ngamimitian muka pangajaran.

Geber-geber hihid aing
Hihid aing kabuyutan

Guru ngawihkeun padalisan kawih bari nyekel hihid. Hihidna digeber-geber, dikliplik-kliplik kana awakna, ka lebah rarayn aya angin.

“Seger, seger!”

Ngarasa seger lantaran aya angina anu nebak.

“Naon ieu téh namina?”

Jawaban murid bakal béda-béda luyu jeung pangalaman katut kanyahona.

Murid (1), “Kipas!”

Murid (2), “Kipas tukang sate”

Murid (3), “Hihid”

Murid (4), “Hihid”

“Saha nu kagungan hihid di bumina?”

“Abdi”

“Tina naon didamelna hihid téh ?”

“Awi!”

“Bambu!”


“Naon béntenna hihid sareng kipas angin ?”

--	--	--


Guru geus nyadiakeun hihid, ayakan, cukil, boboko, nyiru leutik (cécémpéh), jeung sajabana. (LAIN GAMBARNA). Supaya murid, pembelajar, apal enya kana rupa, wangun, bahan.

Ngalaman (sacara kongkrit) nyekelan barangna, jeung cara ngagunakeunana.


Saterusna, némbongkeun gambar barang nanyakeun naon ngaranna jeung gunana.




Boboko




Ayakan




Téténong




Tolombong




Nyiru




Aseupan



Katé




Tudung saji tina awi




Sééng


Ngaronjatkeun Kaparigelan Ngajarkeun Nyarita di Kelas Handap



Panci




Jubleg



Langseng




Cowét




Mutu




Lisung



Lulumpang
(kai)



Dulang
(kai)



Halu
(kai)

Toko/warung nu ngajual barang-barang saperti ditataan di luhur ngarana toko kelontong/barabandan.

Budk dibéré tugas mun ka pasar jeung indungna ngadatangan warung sarupa kitu. Supaya wanoh nempo bungkeuleukna. Sina apal barangna bahan bkuna/ngarampa tur niténan, jeung gunana.

Sebutan banda budaya pakakas dapur

- a. Anu dijieun tina awi (anyaman)
- b. Anu dijieun tina kai
- c. Anu dijieun tina batu

(Masing-masing 10 pakakas)

(Jieun gambarna éta pakakas téh)

2. Nataan ngaran gambar banda alam

Upaya ngaronjatkeun kaparigelan ngajarkeun nyarita ku nataan atawa nyebutan ngaran gambar barang alam, dipiharep guru jadi leuwih kréatif.

Guru ngawih “Tumpak kuda”

Tumpak kuda ka gunung

Kudana bo-bopong

Ditungtun kun u nanggung

Huntuna om-ompong

Nanjak néték jalan ka gunung

Barang nempo eureun di saung

(Tina: Cangkurileung)

Saha nu tos ka gunung?

Aya naon di gunung téh?


Kumaha jalan ka gunung?

Pék baé tataan ngaran-ngaran gunung nu aya di lingkungan pamatuhan/daérah.

Aya anu resep naék gunung, marawa pakakas keur naékna

Saha? Cik pék tataan jeung ngaran alat-alatna!

Gambar gunung



Guru ngawih deui, kawih “nguseup”

Mawa usep ka walungan

Milih nu loba laukna

Nagog di sisi nu gurawés

Clom, kunyunyud, giriwil tawés

(Tina: Cangkurileung) mang Koko Bandug: Mitra Buana


Saha nu tos nyaba/indit ka walungan?

Walungan disebut ogé wahangan

Di wahangan aya naon?

Kumaha kaayaan walungan?

Gambar walungan



Pék baé tataan ngaran-ngaran walungan nu aya di daérah/ lingkungan!

Naon ari Jambatan

Sasak

Cukang

Guru ngawihkeun “émpang”.

Pareng keur ulin di sisi émpang, cai ngageleneng ngalangkang hérang, lauk ngagimbung pagulung-gulung, bogo nyuruwuk ngudag jungjulung.


Émpang téh nya éta balong atawa kulah nu gedé (lega) balong, tempat miara lauk mangrupa cai ngemplang dina taneuh meunang ngali

Saha anu terang balong, kulah, atawa émpang?

Aya naon di balong?

Patempatan/tanah sakurilingeun balong naon ngaranna?

Balong gedé pisan disebut naon?



Tataan ngaran-ngaran balong sarupa kitu!

Guru ngawihkeun “Eundeuk-eundeukan”

Hayu batur urang ulin ka kebon

Tataékan dina tangkal nu doyong

Eundeuk-eundeukan na’dahan

Resep emplad-empladan

Diuk ungluk-ungklukan

Kakawihan

(Tina: Cangkurileung)

Kebon, tanah darat nu dipelakan palawija atawa rupa-rupa tatangkalan nu aya hasilna; perkebunan, kebon nu lega pisan sarta dipelakan tutuwuhan nu sarupa (entéh, karét, kopi, jste).

Saha nu kagungan kebon?

Dipelakan naon kebonna?

Saha anu parantos piknik ka perkebunan?

Perkebunan naon?

Dimana?

Caritakeun suasana/kaayaan éta tempat

Pék tataan baé ngaran-ngaran perkebunan!

Guru nyaritakeun laut.

Amengan ka sisi laut


Ngabeberah manah sedih

Ngalantung ka pamayangan


Basisir distrik Caringin

Lebah kampong panguseupan

Nangtung bari alak-ilik



(Kénging - MAS)



Aya nu tos nyaba, piknik ka laut, ka basisir?

Kumaha kaayaanana?

Kumaha resepna ulin di basisir laut ?

Pék baé caritakeun!

Tempat piknik ka laut!

Guru hidep ngajakan jalan-jalan!

Hayu urang jalan-jalan

Mapay sawah jeung tegalan

Kadé tuh aya solokan

Yu bareng urang luncatan

(kenging)

Sawah, lemesna sérang, tanah ruksak dikemplang,
dikuriling galengan tempat melak paré nu loba cai.

Tegal, tanah lega, rata sabagian gedé
pinuh ku jujukutan.


Meureun kungsi nyaba, ulin ka pasawahan.

Caritakeun kumaha suasana pasawahan téh.

Keur kumaha kaayaan paréna, aya nu tunggu pare?

Kumaha kekecapan/ lagu nyieuhkeun manukna?

Gambar pasawahan



Nu ditataan téh ngaran gambar banda alam




Gunung




Walungan




Susukan




Empang




Balong




Kulah




Situ




Kebon




Perkebunan




Huma




Tegal



Sawah



Laut



Basisir

Pék tataan deui banda alam nu aya sabudeureun lembur/pamatuhan.

Caritakeun kaayaanana anu narik ati, pikabetaheun, ngajagana/miarana, jste.

3. Nataan gunana atawa fungsina banda budaya jeung banda alam

Cara ngajarkeun nyarita, nataan fungsi banda budaya jeung banda alam.

Kieu nyarita téh

Hujan gedé ngagebrét jeung lila. Hujan di girang. Girangeun walungan.
Hujan di gunung Walungan caah, babanjiran, caina gedé umpalan.
Caina kiruh, kotor ku leutak. Tutuwuhan paralid, sawah kakeueum,
lembur kakeueum banjir.

Ku naon kajadian kitu.

Musibah dimana-mana

- Jawaban: (1) Gunung gundul taya kakayon
(2) Kaina pada nuaran
(3) Cai hujan heunteu nyerep kana taneuh
(4) Teu disimpen ku akar tanggal

Jadi, gunana gunung, leuweung téh keur naon?

Kudu kumaha tarékahna?

Pék tataan baé guna banda budaya jeung guna banda alam nu geus ditataan tadi!

E. Tugas Peserta

1. Banda budaya jeung banda alam téh kudu diriksa dijaga sabab
 - a. geus teu ngindung ka usum teu ngabapa ka jaman
 - b. geus teu walakaya nedunan kamajuan jaman, kudu meunang panyalindungan
 - c. banda-banda kasebut aya mangfaatna keur kahirupan manusa
 - d. banda-banda kasebut pikaresepeun anu nempo jeung pangabetah

2. Banda budaya téh aya nu geus marén fungsina, aya ogé anu masih kénéh dipaké, ku kituna
 - a. nu geus teu dipaké taya mangfaatna nu masih dipaké dipiara
 - b. banda budaya heubeul geus teu jaman, ganti baé ku nu moderén
 - c. banda budaya anyar leuwih hadé, bisa ngéléhkeun nu heubeul sabab leuwih éféktif
 - d. nu geus keubeul sanajan geus marén fungsina, masih mangfaat sacara éstétik

3. Banda alam
 - a. teu perlu diriksa, da sacara alami alam mah bisa ngajaga dirina numuwuhkeun kakayon keur ngalindungan gunung
 - b. najan kumaha kaayaanana teu weléh-weléh narik ati jeung masih fungsional

- c. sahadéna diriksa dijaga kasaimbanganana alam mangfaat keur manusa
 - d. sahadéna diriksa dijaga kakayon dimangfaatkeun terus-terusan, batu gunung ditugaran, keusik teras dikedukan mangfaat keur manusa
4. Diriksana banda budaya aya mangfaatna pikeun numuwuhkeun sikep diri
- a. lantaran seler bangsa anu pageuh ngariksa bandana/tradisina anu bakal pangkuatna nahan pangaruh deungeun nu goréng
 - b. lantaran seler bangsana bakal leuwih maju kahirupananalantaran banda moderén mah leuwih praktis
 - c. kurang percaya kana aya parobotan jaman, sabab ngarasa banda budayana leuwih luhung ajena
 - d. kurang percayana, jaman anyar téh bakal numuwuhkeun kamajuan anu samara
5. Diwanohkeunana ngaran banda budaya katut banda alam ka murid aya maksud
- a. supaya maraéhanana (murid) wanohkeun yén bangsana sorangan ogé mibanda banda anu dipikaresep
 - b. kahudangna sikep jeung tumuwuhna kapercayaan diri tahan kana pengaruh goréng lantaran didasaran ku kanyaah kana tradisi
 - c. kahudang sikep modéren, leuwih motékar, da apal teu ngeukeuweuk banda nu geus teu actual
 - d. supaya boga sikep kritis, bisa milih anu hadé keur dirina jeung batur.

KAGIATAN DIAJAR 4 PERISTIWA/KAJADIAN

Nyaritakeun rupa gambar kajadian di buruan sakola.

A. Standar Kompetensi

Mampuh ngedalkeun pikiran, perasaan, jeung kahayang sacara lisan nataan rupa-rupa peristiwa/kajadian dina gambar kaayaan buruan sakola, kaayaan jalan raya.

B. Kamampuh Dasar

Sabada réngsé ieu modul dipiharep parigel nerangkeun rupa-rupa gambar peristiwa/kajadian

C. Daftar Rujukan

Henry Guntur Tarigan, (1988). *Berbicara sebagai suatu Keterampilan Berbahasa*. Bandung: Angkasa.

D. Tingkesan Matéri

1. Nyaritakeun rupa-rupa gambar kajadian di buruan sakola
2. Nyaritakeun rupa-rupa gambar kajadian anu dilataran ku jalan raya.

Di buruan sakola loba kajadian atawa suasana pikeun dicaritakeun ku sabab loba obyekna jeung kawilang loba palaku anu ngalakonana. Diburuan sakola mah kajadian téh lumangsungna lila. Ti mimiti pesuruh muka lawang pakarangan isuk-isuk, nepi ka lekasan nutup jeung ngonci deui panto pakarangan sakola.

Mokaha loba caritakeuneun. Hartina, dina nyarita nataan rupa peristiwa téh bakal leubeut ku kecap (diksi). Hal ieu, bakal ngarundaykeun, ngalegaan wangun kecap. Ngajembarkeun pangaweruh widang basa.

Kitu deui, nyurahan, nyaritakeun kajadian anu aya dina gambar latarna jalan raya.

Jalan raya bakal teu weléh ramé. Komo ayeuna raména jalan téh ku beak karep. Teu suda-suda rupa-rupa kendaraan katut rupa-rupa nu ngaliwat. Jalan macét ampir kajadian ungal poé di unggal tempat. Suasana anu teu weléh gandéng, harénghéng, loba ka keuheul, jste. Tina pangalaman kasebut bakal loba picaritaeun. Nyarita, bakal loba kecap anu dipaké, dipilih.

Boh nyaritakeun gambar kajadian di buruan sakola, boh gambar kajadian di jalan raya merelukeun karancingeusan guru dina mupu kajadian anu aya dina gambar, geusan caritakeun.

Kapercayaan nyarita, jigana téh kana beunghar heunteuna kecap anu dipimilik, kana bérés roésna susunan kalimah jeung kana cara nyarita. Lamun éta tilu hal geus kacangking, nyarita téh bakal narik ati anu ngaregepkeun, capétang tur perténtang.

1. Nyaritakeun rupa-rupa gambar kajadian di buruan sakola

Upaya ngaronjatkeun kaparigelan ngajarkeun nyarita ku nataan/nyurahan kajadian di buruan sakola dina gambar



Kajadian dina gambar téh mindeng katengen minangka pindahan atawa potrét rékaman tina peristiwa nyata sapopoé. Sanajan, teu sajalantrahna da apan geus diatur ditata deui komposisina.


Supaya éndah pék baé tengetan gambar nu aya jalma nu keur gawé, aya pakakas nu dipaké, aya suasana.

Geus nengetan gambar kalawan titén, pok caritakeun rupa-rupa peristiwa anu aya. Mérélé jeung imeut unggal kajadian nu aya caritakeun hiji-hiji nepi ka réngsé.

Kamampuh nyarita masing-masing bakal katangen. Patali jeung kosa kata nu geus kacangking, kamampuh merenahkeun kecap dina kalimah lancer henteuna nyarita imeut henteuna nyaritakeun kajadian, jsté.

2. Nyaritakeun rupa-rupa gambar kajadian di jalan raya


Upaya ngaronjatkeun kaparigelan ngajarkeun nyarita ku nataan/nyurahan kajadian di jalan raya.



Kajadian dina gambar téh sarua baé jeung kajadian nyata sacara factual anu unggal poé kasaksian jeung ku urang kaalaman.

Jalan macét kendaraan pada haying maju paheula-heula, panumpang hareudang bayeuang, supir ngalanggar rambu lalu lintas.

Pék baé tengetan gambar!



Geus nitenan gambar

Pok caritakeun, rupa-rupa peristiwa nu aya

Mérélé jeung imeut

Unggal kajadian nu aya

Caritakeun hiji-hiji

Nepi ka réngsé

Cutat baé kekecapan nu salah larap, anu basa Indonésia, jste.

E. Tugas Peserta

1. Kaparigelan ngajarkeun nyarita nataan/nyurahan kajadian di buruan sakola.
 - a. Teu leupas tina dua kaparigelan ngajar jeung kaparigelan nyarita
 - b. Nya éta cara ngajarkeun nyarita anu luyu jeung kahayang nu ngajar
 - c. Cara nyarita anu hadé luyu jeung tujuan pangajaran
 - d. Hiji tarékah anu kréatif sangkan murid aktif

2. Bahkan pangajaran nyarita dumasar kana gambar
 - a. kurang némbongkeun kagiatan diajar anu aktif
 - b. némbongkeun tarékah sangkan murid titen, aktif, boga pamilih, tanggung jawab
 - c. kurang mere kalaluasaan mekarkeun karep jeung nyarita anu paséh
 - d. mere kalaluasaan geusan mekarkeun daya cipta anu kurang lugas

3. Cara ngajarkeun nyarita dumasar kana kajadian dina gambar nyirikeun yén
 - a. kandaga kecap anu dicangkem ku masing-masing pangajaran lain tujuan
 - b. kampu ngawasa tata kalimah leuwih penting, da nyarita mah kedaling runtuyan kalimah
 - c. kanda kecap teu pati kapaliré, tujuanana cara ngajarkeun carita
 - d. kamampuh ngawasa kandaga kecap téh kacida pentingna.

4. Cara ngajarkeun nyarita nataan kajadian dina gambar
 - a. seuhseuhanana mah patali jeung cara/téhnik ngajarkeun bahan, patali jeung kamampuh milih kecap tur ngedalkeunana
 - b. intina mah nyurahan gambar tur ngalisankeun kecap ngaran barang teu kontékstual
 - c. tumali jeung kalimah, kosa kata, tur kamampuh geusan ngajarkeunana
 - d. kakakakaka

5. Cara ngajarkeun nyarita téh sarua jeung kumaha PBMna nyarita, sabab
 - a. bahan/matéri pangajaran teu kudu sarua
 - b. lain kumaha cara murid narima bahan pangajaran tapi kumaha carana bahan nepi ka murid
 - c. nyarita téh ngedalkeun runtuyan kecap, kumaha kacangkemna ku murid
 - d. nataan ngaran kajadian dina gambar téh ngalatih nyangkem harti kecap nu aya dina gambar.

KUNCI JAWABAN

Kegiatan Diajar 1	Kegiatan Diajar 2	Kegiatan Diajar 3	Kegiatan Diajar 4
1. D	1. B	1. C	1. A
2. C	2. B	2. D	2. B
3. D	3. A	3. C	3. D
4. B	4. C	4. A	4. A
5. A	5. D	5. B	5. B